लड़कन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता



# नदी में से मिललें, राजकुमार

लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus

अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।


प्रधानमंत्री, यूसुफ क अब देहांत हो चुकल रहे! पूरा मिस्र ओकरी परिवार की शोक के बांटल।
परमेश्वर आकाल की वक्त पूरा देश के बचावे की ...

... खातिर इब्रानी यूसुफ
क इस्तेमाल कइलन।
उ एगो बुद्धिमान
अउर प्रिय

अगुआ
रहलन।
अब उ
उनकी
बीच में
ना रहलें।



तीन सौ साल से अधिक समय बीत चुकल रहे। मिस्र की भीतर इब्रि, यूसुफ क लोग, एगो शक्तिशाली गोत्र बन चुकल रहलें।



नया फिरौन इब्रियन से डेराये लगलन, कि कहीं उ सब ओकरी खिलाफ बगावत ना कर देंव,



एही खातिर उ उन सब के गुलाम बना दिहलन।

फिरौन इब्रियन की संगे निर्दयतापूर्वक पेश अइलन। उ विशाल शहरन क निर्माण करे की खातिर उन सबके मजबूत कइलन।



लेकिन जेतना अधिक मुश्किल काम उन सब के दिहलें, हिब्रू दास संख्या में लगातार ओतने बढ़त गइलें।



एक दिन, फिरौन एगो खौफनाक आदेश दिहलन। "सब नवजात हिब्रू लइकन के नील नदी में फेंक दिहल जॉव।"



दुष्ट फिरौन इब्रियन क संख्या कम करे की खातिर ई दृढ़-संकल्प लिहलन। उ अब सब नवजात लइकन क हत्या तक करवइहन!



"इ हर परिवारन के आश्चर्यचकित कर दिहले होई, अब हमनी क का करल जा?" उ लोग नील नदी में अपनी लइकन के फेकला क फैसला कइलें। लेकिन उ पानी में एगो सुखद, टोकरी की अंदर रहलें।



उ छोट टोकरी, एगो नाव की समान नरकटन की बीच में भार उठावत अपनी कीमती नौभार के ले के आगे बहुत चलल।



ओ छोट नन्हा बालक के का कुछ हो सकत रहे?



लड़का क बहिन ओ कीमती टोकरी के दूर से नरकटन की बीच, धीरे-धीरे बहत देखत रहे।



अचानक फिरौन क बेटी अउर ओकर नौकरानी नहाये खातिर नदी की तट पर अइलीं।



टोकरी छिपावे की खातिर कवनो
रास्ता ना रहल। शायद उ एके
देखले बिना ही चल गइल
रहती।



"ओह! इहवाँ एगो टोकरी बा; उहवाँ, नरकटन की बीच में। आश्चर्य क बात बा, भीतर का हो सके ला" फिरौन क बेटी टोकरी लीयावे खातिर अपनी नौकरानीन के आदेश दिहली।



जब उ ओके खोलली - लड़का रोवल शुरू कर दिहलस। राजकुमारी आश्चर्य से बोलली "ई त एगो हिब्रू क लड़का हअ।"



"बेचारा, अरे तू त बहुत खूबसूरत बाड़अ।"
शायद फिरौन के बेटी लइका की संगे कुछ ए
तरह से बात कइले
होइहन; ...



... जैसे बहुतेरे उम्रदार लोग बात करे लें। उ इहों कहले होइहन, "ऊटची - कूटची को-उम्स" मिस्र मैं, पधारत बानअ।



परमेश्वर लड़का की बहिन के जरूर विशेष ज्ञान दिहलें होइहन। उ फिरौन की बेटी की पास दउर के गोइल। "हम एगो यहूदी महिला के खोज के लीआयीं जेवन आप की खातिर इ लड़का क देख भाल कर सके?"



हँ जरूर जा, "उत्तर दिहलीं।"
आप के का लागत बा
कि लड़की केकरा के
लियावे खातिर दौउर
के गइल होइ?



"माई! जल्दी आवअ! ओह, जल्दी करअ!" शायद लड़की की पास समझावे खातिर समय ना रहल होई।

साथ में दूनो वापस पगडंडी तक पहुंचलीं।



फिरौन क बेटी लड़का के नदी में से वापस बाहर निकाल के कहली। "हमरी खातिर एकरा देखभाल करअ। हम तोहके कीमत चुकाइब।



इनके मूसा की नाम से बोलावअ"
मिस्रीयन की खातिर पानी
से निकालल
बेटा, मूसा।



मूसा अपनी घरे अपनी माई - बाबू की पास वापस लवट अइलन। उ लोग उनके परमेश्वर अउर इब्री लोगन दूनो के प्यार करल सिखवलें।



जल्दी ही उ फिरौन की बेटी की साथ महल में रहे लगलन। परमेश्वर, जे उनकरा जान बचवले रहलन, की पास बालक मूसा की खातिर एगो महान योजना रहल।



# नदी में से मिललें, राजकुमार

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

निर्गमन 2

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16